



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Pibliye le : **5/09/00**

## REZIME CHANJMAN YO

**Règleman sa a ranplase A-801 – ki date de 01/09/88**

**Li enkòpore e li ranplase :**

**A-434 ----- date de 12/01/88**

**A-805 ----- date de 12/01/88**

**A-806 ----- date de 20/08/86**

**Règleman an etabli dispozisyon ki administre transpò elèv ki se rezidan vil Nouyòk pou mennen yo ale e tounen sot lekòl, pa bis ki sou kontra oswa pa sèvis transpò an komen, selon klas elèv yo, selon distans la e selon pwogram lan, epitou se selon limitasyon yo e selon mekanis enplemantasyon yo.**

**Chanjman :**

- Yo rasyonnalize l pou moun ki sou teren an itilize l pi fasilman.
- Li reflekte kondisyon legal ak reglemante onivo federal ak onivo leta.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 1 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

## REZIME

Règleman sa a konsolide kat (4) Règleman Chanselye konsènan transpò elèv *Chancellor's Regulations Concerning Pupil Transportation* : A-434, A-801, A-805 ak A-806, nan yon Règleman A-801.

Men kijan yo konsolide kat (4) Règleman Chanselye konsènan transpò elèv :

1. A-801 Transpòtasyon elèv vin chanje an A-801 Seksyon 1 Règleman, Pwosedri ak Kondisyon pou Kalifikasyon sou transpò elèv edikasyon jeneral *General Education Pupil Transportation Policies, Procedures and Eligibility Requirements*
2. A-805 Transpò elèv edikasyon espesyal pa bis *Transportation of Special Education Pupils by Bus* vin chanje an A-801 Seksyon 2 Règleman, Pwosedri ak Kondisyon pou Kalifikasyon sou transpò elèv edikasyon espesyal *Special Education Pupil Transportation Policies, Procedures and Eligibility Requirements*
3. A-434 Konpòtman timoun nan bis *Behavior of Children on Buses* vin chanje an A-801 Seksyon 3 Konpòtman elèv nan bis lekòl *Behavior of Students on School Buses*
4. A-801 Egzèsis evakyasyon bis lekòl pou mezi sekirite *School Bus Safety Drill* vin chanje an A-801 Seksyon 4 Plizyè egzèsis evakyasyon bis lekòl pou mezi sekirite *School Bus Safety Drills*
5. A-801 paragaf 5 Ankèt *Inquiries* vin chanje an A-801 Seksyon 5 Ankèt *Inquiries*



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 2 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

## SEKSYON 1. RÈGLEMAN, PWOSEDI AK KONDISYON POU KALIFIKASYON SOU TRANSPÒ ELÈV EDIKASYON JENERAL

Règleman sou transpò ki site la a bay elèv ki se rezidan vil Nouyòk mwayen tranpòtasyon ki pou mennen yo ale e tounen sot lekòl pa bis ki sou kontra oswa pa sèvis transpò an komen, selon klas elèv yo, selon distans la e selon pwogram lan. Mekanis enplemantasyon ak limitasyon fè pati de règleman sa yo.

### 1. RÈGLEMAN SOU TRANSPÒ

Règleman sou transpò elèv yo fèt pou yo sevèman ranfòse ni nan nivo distrik la e ni nan nivo lekòl la. Pami règleman sa yo se pou yo soumèt ba Biwo pou Transpò elèv la *Office of Pupil Transportation* (OPT) tout dokiman pou sèvis transpò. Yo ka pran sanksyon kont distrik oswa kont lekòl yo oswa kont toulède si yo dekouvri ke lekòl yo pa konfòme yo ak règleman sou kalifikasyon, pwosedi sou distribisyon kat MetroCard ak pwosedi sou gad pwoteksyon ak pwosedi kontabilite. Sanksyon yo ka pran yo se dedwi lajan nan bidjè distrik la pou kouvri defisi Depatman Edikasyon an *Department of Education* (DOE) fè poutèt yo pa konfòme. Nan ka lekòl ki pa piblik yo, yo ka kenbe kat MetroCard pou semès k ap vini yo jiskaske yo ranbouse DOE pou defisi l fè yo.

Se Direktè biwo pou transpò elèv yo ki pou pran desizyon final la asavwa ki mwayen transpò pou yo bay chak elèv. Men kijan yo defini mòd transpò yo :

**TRANSPÒ AN KOMEN** – Itilize kat MetroCard pou pran bis tranzit piblik oswa sòbwe ant estasyon darè ki pi pre kay la ak sa ki pi pre lekòl la.

**TRANSPÒ SOU KONTRA** – Sèvis bis lekòl jòn, ki sou kontra ak DOE, bay ant pwendarè ke Biwo pou transpò elèv la dezilyen e pwendarè lekòl la.

**TRANSPÒ GRATIS** – Elèv la pa peye anyen pou kous la.

**KOUS MWATYE PRI** – Elèv la peye mwaye pri kous la. Kat MetroCard ki valab pou kous mwaye pri, bon pou transpò alasifas sèlman, lèfini se sistèm Tranzit nan vil Nouyòk *New York City Transit* (NYCT) ki sibvansyone l antyèman. Se yon altènativ pou elèv yo lè yo pa ka mache al lekòl (pa egzantp, lè gen move tan). Pwogram sa a se yon benefis pou elèv yo epi se vil Nouyòk ki bay li, lèfini se pa yon sèvis ki mandate pa gouvènman Leta ni gouvènman Federal.

**KAT METROCARD** – Se yon kat plastik ki plastifye epi dèyè l, toupri band mayetik la, gen yon nimewo seri ki gen dis chif ki enprime sou li. Lè l pase kat la nan lektè mayetik la, l ap bay elèv



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 3 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

la jiska twa kous pa jou, amwenske direktè lekòl la, Direktè Egzekitif OPT a ak NYCT bay otorizasyon pou yo ba elèv la plis kous. Y ap bay kat MetroCard kòm yon pas gratis k ap konbine kous bis ak sòbwe (kote transfè ki fèt apatide transpò alasifas a transpò rapid pandan yon trajè konsidere kòm yon kous) ak pas ki valab pou kous mwatye pri alasifas (bis sèlman).

## 2. **KONDISYON POU KALIFIKASYON**

### 2.1 **Klas Jadendanfan jouk rive nan klas 2yèm ane**

Elèv ki nan klas Jadendanfan a klas 2yèm ane kalifye pou transpò gratis si yo rete a yon distans ki  $\frac{1}{2}$  mil de lekòl la oswa si yo rete pi lwen.

Elèv ki nan klas Jadendanfan jouk rive nan klas 2yèm ane kalifye pou peye kous transpò amwatye pri si yo rete a yon distans ki mwenske  $\frac{1}{2}$  mil de lekòl la.

### 2.2 **Klas 3yèm ane jouk rive nan klas 6yèm ane**

Elèv ki nan klas 3yèm ane jouk rive nan klas 6yèm ane kalifye pou transpò gratis si yo rete a yon 1 mil de lekòl la oswa pi lwen.

Elèv ki nan klas 3yèm ane jouk rive nan klas 6yèm ane kalifye pou peye kous transpò alasifas amwatye pri si yo rete ant yon demi mil e mwenske yon mil de lekòl la.

### 2.3 **Klas 7yèm ane jouk rive nan klas 12yèm ane**

Elèv ki nan klas 7yèm ane jouk rive nan klas 12yèm ane kalifye pou yo gen privilèj kous gratis nan sèvis transpò piblik yo si yo rete a 1 mil  $\frac{1}{2}$  oswa pi lwen de lekòl la.

Elèv ki nan klas 7yèm ane jouk rive nan klas 12yèm ane kalifye pou peye kous transpò alasifas amwatye pri si yo rete ant yon demi mil e mwenske yon mil edemi de lekòl yo.

Nan kèk ka kote transpò piblik pa adekwa oswa pa disponib, Biwo pou transpò elèv la ka fè esepsyon pou pèmèt elèv ki nan klas 7yèm ak klas 8yèm ane yo itilize sèvis bis sou kontra ki egziste pou timoun ki nan klas elemantè yo. Apadesa, tout elèv sa yo fèt pou satisfè kritè distans la pou yo sa kalifye.



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 4 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

## 2.4 **Abri tanporè**

Elèv ki nan klas Jadendanfan jouk rive nan klas 12yèm ane ke otorite piblik plase nan lojman tanporè (abri pou moun ki sanzabri, lotèl, elatriye), pa bezwen satisfè egzijans laj ni egzijans distans, depi yo rete nan lojman tanporè a. Nenpòt ki lè yo mete yon elèv nan yon lojman tanporè, yo ka soumèt, imedyatman, yon rekèt pou transpò dijans bò kote Biwo pou transpò elèv la. Tout rekèt ki va fèt apre, pou transpò elèv la, fèt pou swiv pwosedi nòmal sou dokimantasyon elèv la.

## 2.5 **Edikasyon espesyal *Special Education***

Elèv ke Komite pou Edikasyon espesyal la deziyen antanke elèv Edikasyon espesyal, yo pa bezwen satisfè egzijans klas minimòm lan ni egzijans distans lan. Epitou elèv Edikasyon espesyal yo fèt pou yo tonbe nan kategori laj yo rekòmande a jan yo dekri l nan tou dènyè Manyèl sou transpò edikasyon jeneral ke Biwo pou transpò elèv pibliye *Office of Pupil Transportation General Education Transportation Manual*.

## 3. **KRITÈ AK PWOSEDI ESPESIFIK POU ELÈV K AP PRAN TRANSPÒ PIBLIK SWIV**

### 3.1 **Pami transpò piblik kote kritè ak pwosedi MetroCard aplike, se transpò piblik swivan yo :**

New York City Transit (NYCT), Staten Island Rapid Transit (SIRTA), Command Bus Corp., Green Bus Lines, Jamaica Bus Co., Queens Surface Transit ak Tri-boro Corp.

### 3.2 **MetroCard transpò piblik ke chak nivo klas dwe Itilize**

#### **Klas Jadendanfan jouk rive nan klas 6yèm ane**

Lekòl la pral ba elèv sa yo yon kat MetroCard swa pou yon kous gratis oswa pou kous amwatye pri pou edikasyon jeneral, oswa kous pri nòmal pou edikasyon espesyal, k ap bon pou semès otòn oswa semès prentan.

#### **Klas 7yèm ane jouk rive nan klas 12yèm ane**

Lekòl la pral ba elèv ki nan kategori sa a yon kat MetroCard swa pou yon kous gratis pou edikasyon jeneral oswa pou yon kous amwatye pri, oswa kous pri nòmal pou edikasyon espesyal, k ap bon pou otòn oswa prentan.



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 5 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

## **Klas Jadendanfan jouk rive nan klas 12yèm ane**

Kat MetroCard pou kous amwatye pri : Lè yo fin peye mwatye lajan an, kat ki gen pri kous amwatye pri a pral bon pou privilèj transfè gratis nan bis ki gen franchiz ak nan bis NYCT.

Kat MetroCard kous pri nòmal elemantè a ap gen yon kòd koulè sou li pou diferansye l ak kat kous pri nòmal lekòl segondè e pou diferansye l ak kat kous amwatye pri tout klas genyen.

VALAB LE DIMANCH KAT METROCARD LA BA ELÈV YO MENM SÈVIS LA SEPANDAN SE SOU ORÈ DIMANCH A VANDREDI.

### 3.3 Rekèt pou verifye kalifikasyon

Biwo pou transpò elèv la pral evalye tout demann dapèl ki fèt sou kalkil distans de kay elèv la a lekòl la lè gen yon pwen dentewogasyon ki byen fonde konsènan kalifikasyon yon elèv. Sepandan, toutotan evalyasyon an poko fini e ke yo poko pran yon desizyon, elèv la fèt pou l konfòme l a premye desizyon lekòl la te pran konsènan kalifikasyon an oswa li fèt pou l konfòme l a direktiv ke Biwo pou transpò elèv la te pase. Yo pral voye tout desizyon alekri yo ba paran oswa gadyen legal elèv la epi ba direktè lekòl la. Nan korespondans y ap voye pa ekri a, pral gen yon kopi wout apye yo deziyen an ak pwosedi dapèl ki vin apre yo.

## **4. KRITÈ AK PWOSEDI ESPESIFIK POU ELÈV SWIV LÈ Y AP PRAN BIS SOU KONTRA**

- 4.1 Nan kote yo bay sèvis bis lekòl sou kontra yo, wout bis yo swiv la pa dwe depase yon distans 5 mil ototal, pou ale sèlman, atravè tout pwen darè yo.
- 4.2 Yo pap etabli okenn wout bis sou kontra ki pou desèvi mwenske minimòm swivan yo :
  - 4.2.1 Wout pou elèv jadendanfan yo sèlman : pa mwenske 11 elèv sèlman.
  - 4.2.2 Wout pou elèv - klas melanje : pa mwenske 11 elèv sèlman.
  - 4.2.3 Yo pa fèt pou yo opere okenn wout bis sou kontra ki pou travèse liy minisipalite oswa liy konte yo.
  - 4.2.4 Si yon elèv gen yon kat MetroCard pou transpò piblik, elèv la pa kalifye pou l pran yon bis sou kontra.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 6 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

4.2.5 Sèvis bis sou kontra pa dwe sèvi pou pwogram espesyal ki pa mandate, pase pwogram sa yo rale elèv pou yo soti nan zòn lekòl abityèl yo. Eksepsyon an se pou elèv ki nan pwogram yo apwouve pou elèv ki douwe yo. Biwo pou transpò elèv la pral baze sou kritè ak pwozedi ki nan règleman Chanselye a pou l detèmine ki tip de transpò pou l bay. Sipè-entandan kominote a, lè l pral seleksyone sit pou pwogram sa yo, li pral kowòdone seleksyon sit sa yo ansanm ak Biwo zonaj e entegrasyon *Office of Zoning and Integration* e ansanm ak Biwo pou transpò elèv la. Y ap fè tout efò yo kapab pou yo sa itilize omaksimòm sèvis transpò ki egziste deja yo.

4.2.6 Si gen rekèt pou transpòtasyon ki mande pou enstale nouvo wout pou bis fèt, yo fèt pou soumèt rekèt sa yo ba Biwo pou transpò elèv la anvan 1 avril, pou sèvis k ap kòmanse nan mwa septanm pwochen an.

4.2.7 Biwo pou transpò elèv la se sèl inite nan DOE ki otorize pou l etabli nouvo estasyon bis ak nouvo wout.

Si ta gen yon nesosite pou devlope nenpòt ki chanjman nan estasyon bis yo deziyen yo oswa chanjman nan wout yo, se pou direktè lekòl yo voye chanjman sa yo pa korespondans ba Biwo pou transpò elèv la defason pou yo revize e etabli nouvo estasyon si posib.

## SEKSYON 2. RÈGLEMAN, PWOSEDI AK KONDISYON SOU KALIFIKASYON POU TRANSPÒ ELÈV EDIKASYON ESPESYAL

### I. ENTWODIKSYON

A. Lalwa sou edikasyon nan eta a egzije pou distrik lekòl vil la *City School District* ba sèvis transpò pou timoun edikasyon espesyal ki rete nan vil Nouyòk pou mennen yo ale e tounen sot nan lekòl kote yo ye legalman an.

B. Règleman swivan yo sèvi pou dekri responsabilite kle tout moun genyen lè y ap travay nan deplasman elèv lekòl ki nan edikasyon espesyal. Pami yo genyen Biwo pou transpò elèv, Distrik lekòl kominotè, Divizyon edikasyon espesyal, Komite sou edikasyon espesyal, konpayi bis, chofè, moun ki eskòte, lekòl, paran ak timoun.

### II. RESPONSABILITE LEKÒL

A. Direktè a, an konsiltasyon ak chofè yo, fèt pou l prevwa fè twa egzèsis evakyasyon dijans pandan ane akademik la.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 7 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

**B.** Pwofesè a fèt pou l revwa nan klas ak timoun yo, regilyèman, tout règleman sekirite yo dwe swiv nan bis la. Nan règleman sa yo gen règleman pou monte nan bis la, woule nan bis la, soti nan bis la ak konpòtman nan bis la.

1. Règleman pou monte nan bis la :

- a. Rete lwen arebò wout la lepliske posib.
- b. Tann bis la rete nèt anvan pou apwoche pòt bis la.
- c. Itilize manch ki sou ranp lan pou l ka ede w kenbe balans ou etan w ap monte mach yo, yon mach alafwa.
- d. Si gen nenpòt ki bagay ki kraze nan bis la (tankou klanps ki pou kenbe chèz woulant yo), rapòte l ba chofè a etan w ap soti.

2. Règleman lè w ap woule nan bis la :

- a. Pale tou ba.
- b. Mande pèmisyon anvan w louvri yon fenèt epi pa voye oswa pa mete anyen (tankou men w, tèt ou oswa bra w) pa deyò fenèt la.
- c. Pa pal ak chofè a pandan bis la ap woule, amwenske gen yon ijans. Chofè a fèt pou l kenbe lespri l sou wout la.
- d. Pa pale ditou lè bis la rive kote pou l travèse yon ray, defason pou chofè a tande si gen yon tren k ap apwoche.
- e. Pa kite ni pye w ni bra w nan ale a, pou yo pa fè yon moun fè yon bitay oswa domaje.
- f. Chita trankilman nan chèz ou jiskaske bis la fin rive epi jiskaske li rete nèt.
- g. Kite senti sekirite w mare jiskaske bis la rete nèt nan lekòl la oswa lakay

ou.

3. Règleman pou soti nan bis la :





# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 8 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

- a. Rete chita jiskaske bis la rete nèt. Chofè a va di w lè w ka ale.
  - b. Toujou itilize manch pou kenbe a lè w ap monte desann mach yo pou pwoteje tèt ou, pou pa tonbe.
  - c. Ale lwen bis la rapidman. Pa rete bò kote kawotchou dèyè yo. Pa janm aksede dèyè a pa yon fenèt.
- C.** Pou pwosedi ki konsène kondwit dezòdone, ale nan Seksyon 4 nan Règleman sa a konsènan konpòtman timoun nan bis yo.
- D.** Pwofesè a fèt pou l avize paran timoun edikasyon espesyal yo pou yo enfòme moun k ap eskòte yo nan bis la si yo gen yon pwoblèm medikal ki ka afekte byennèt timoun lan pandan l nan bis la (pa egzanp opresyon, maladi kè, djabèt, kriz, elatriye).
- E.** Pwofesè a oswa asistan an dwe tcheke pou l asire l ke gen yon moun k ap eskòte yo nan bis la lè bis la rive nan lekò la. Si pagen moun k ap eskòte elèv yo nan machin lan, yo fèt pou avize Biwo pou transpò elèv la touswit.
- F.** Direktè lekòl kote timoun lan lekòl la pral revwa tout plent paran yo pote pou sèvis bis la. Direktè a va konsilte pwofesè timoun lan. Direktè a pral :
1. Pale a chofè a oswa ak moun ki eskòte a oswa ak toulède epi l pral eseye rezoud pwoblèm lan.
  2. Si pwoblèm la paka rezoud nan fason sa a, direktè a fèt pou l kontakte dispatchè ki nan konpayi bis ki konsène a pou yon rezolisyon.
  3. Si pagen okenn repons satisfèzan kòm rezilta, yo dwe soumèt yon Fòm vyolasyon *Violation Form* ba Biwo pou transpò elèv la. Fòm vyolasyon an disponib nan Biwo pou transpò elèv la. Yo dwe avize sipèvizè edikasyon espesyal la tou si gen aksyon ke yo pran. Si ta gen yon ka dijans, kontakte Biwo pou transpò elèv la dirèkteman nan **(718) 784-3313**.
  4. Si Biwo pou transpò elèv la oswa konpayi bis la pa rezoud pwoblèm lan, kontakte Administratè Distrik la pou Edikasyon espesyal nan Distrik Lekòl Kominotè a atravè Biwo Distrik Lekòl kominotè a.
- G.** Pwofesè a pa dwe lage elèv yo pou yo soti nan klas la anvan lè yo abitye lage yo.



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 9 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

- H. Pwofesè a fèt pou l avize paran yo sou pwosedi ki fè konnen si paran an oswa moun ki otorize rankontre timoun yo pa la pou rankontre timoun yo lakay yo lè yo tounen sot lekòl, y ap mennen timoun yo nan pòs polis la apre chofè bis la oswa moun k ap eskòte yo fin avize dispatchè garaj la. Sa pap fèt se si paran an te siyen yon papyè otorizasyon pou fè konnen timoun lan pa bezwen okenn moun vin rankotre l.
- I. Sipèvizè edikasyon espesyal la dwe avize ofisye plasman distrik la touswit lè yo transfere yon timoun oswa lè yo wete l nan pwogram lan oswa si l chanje adrès. Ofisye plasman distrik la va avize Biwo pou transpò elèv la touswit lè estati elèv la chanje. L ap itilize sistèm OPT 77 la oswa sistèm ATS la pou l fè sa.
- J. Direktè a pral enfòmè paran yo sou responsabilite yo genyen, jan yo dekri l nan seksyon 3.

## III. RESPONSABILITE PARAN

- A. Nan premye jou ane akademik la, paran yo fèt pou pare pitit yo a 7è00 am. Pandan ane akademik la, lè y ap chèche yon timoun pou premye fwa, Biwo pou transpò elèv la pral avize paran an a kilè timoun lan dwe pare. Konpayi bis la gen obligasyon pou l bay sèvis de yon bò twotwa a rive sou yon lòt bò twotwa a *curb-to-curb*.
- B. Apre premye jou a, chofè bis la pral avize paran an sou orè ki gen lè y ap vin chèche timoun lan ak lè y ap mennen l tounen an, nimewo bis la, nimewo wout la, non konpayi bis la ak non chofè a ak moun k ap eskòte a.
- C. Paran an fèt pou l pare timoun lan alè defason pou lòt timoun yo pa gen okenn reta. Chofè a pa oblije tann yon timoun pandan plis ke yon minit si l pa pare kote y ap vin chèche l la. Chofè bis la pa gen dwa klaksonnen klaksòn bis la.
- D. Pou tout timoun yo ka an sekirite nan bis la, li esansyèl pou paran yo pale pitit yo pou yo obeyi a règ swivan yo :
  1. Tout timoun yo fèt pou toujou ret chita nan bis la, ak senti sekirite yo tache.
  2. Timoun yo pa gen pèmisyon pou yo apiye sou fenèt bis la; tèt yo ak men yo fèt pou toujou rete anndan bis la.
  3. Timoun yo fèt pou yo pale dousman nan bis la epi yo pa dwe ap pale ak chofè a lè bis la ap woule.
  4. Timoun pa dwe voye okenn objè anndan bis la ni pa deyò fenèt bis la.



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : **TRANSPÒ ELÈV**

Paj : **10 nan 14**

Pibliye le : **5/09/00**

5. Yo pa gen dwa bay kou, ni krache e ni goumen anndan bis la; yo pa gen dwa bay bourad lè y ap monte oswa lè y ap desann bis la.
6. Se yon timoun alafwa ki fèt pou monte e desann bis la.
- E.** Si timoun lan gen nenpòt ki pwoblèm medikal ki ka afekte byennèt li nan bis la, paran an fèt pou l fè moun k ap eskòte a konnen ki pwoblèm timoun lan genyen, epi ki aksyon pou l pran sizoka ta gen yon aksyon pou l pran (pwoblèm medikal yo ka se opresyon, pwoblèm kè, djabèt, kriz, elatriye).
- F.** Si paran yo ta renmen pote plent pou sèvis bis la, yo fèt pou yo rapòte yo ba direktè a, ki limenm va avize konpayi bis la ak Biwo pou transpò elèv la pou yo rezoud pwoblèm lan. Si yo pa rezoud pwoblèm lan nan yon tan rezonab, paran yo fèt pou yo rele Administratè distrik la sou Edikasyon espesyal nan distrik lekòl kominotè a. (Yo ka kontakte Administratè distrik la pou Edikasyon espesyal atravè Biwo distrik lekòl kominotè a.)
- G.** Si adilt ki sipoze resevwa timoun lan pa prezan lè timoun lan ap retounen sot lekòl nan bis la, yo pa fèt pou kite timoun lan ak yon moun ki pa gen otorizasyon pou resevwa l. Chofè a oswa moun k ap eskòte a oswa toulède, fèt pou avize dispatchè a touswit epi yo fèt pou mennen timoun lan nan pòs polis la. Yon paran ka chwazi pou l deziyen yon lòt manm fanmi, yon vwazen, elatriye, ki pou resevwa timoun lan epi anplis li ka chwazi pou l pèmèt moun k ap eskòte a ak chofè a pou yo depoze pitit li san pa gen yon adilt ki otorize pou resevwa timoun lan ki prezan. Antouka, si paran yo oswa gadyen legal la chwazi altènativ sa a, yo fèt pou yo voye yon lèt pou avize direktè a ak chofè a.

Lè gen move tan oswa lè gen grèv nan lekòl yo, paran yo fèt pou yo koute estasyon radyo ki bò lakay yo apatide 6è00 am pou tande nouvel yo. Eitou paran yo ka rele (718) 392-8855 pou yo ka gen enfòmasyon sou tan an ak enfòmasyon sou grèv.

## **IV. RESPONSABILITE CHOFÈ BIS AK MOUN K AP ESKÒTE A**

- A.** Chofè a ak moun k ap eskòte a gen responsabilite pou yo swiv konpòtman elèv yo nan bis la.
- B.** Se moun k ap eskòte a k ap gen responsabilite pou l administre premye swen yo nan ka dijans yo.
- C.** Moun k ap eskòte a gen obligasyon pou l ede timoun lan apatide bis la jis li rive devan pòt lekòl la.



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : **TRANSPÒ ELÈV**

Paj : **11 nan 14**

Pibliye le : **5/09/00**

- D.** Si paran an oswa moun ki otorize resevwa timoun lan lè l sot lekòl la pa la, chofè a pral avize dispatchè garaj la epi l pral mennen timoun lan nan pòs polis la. Si paran an te siyen yon papye otorizasyon pou l fè konnen timoun lan pa bezwen sa, chofè a oswa mon k ap eskòte a va tann jiskaske timoun lan antre anndan kay li.

## SEKSYON 3. KONPÒTMAN ELÈV YO NAN BIS LEKÒL

### I. ENTWODIKSYON

Bòn kondwit se yon bagay ki esansyèl pou sekirite tout moun k ap woule nan bis la. Lè tout moun chita trankilman epi yo obeyi règleman yo, sa ede evite domaj epi sa pèmèt chofè a fonksyone ak plis efikasite, san distraksyon.

### II. RÈGLEMAN POU BÒN KONDWIT

Nan seksyon 3 ki nan Règleman sa a, gen detay sou règleman pou bòn kondwit nan bis lekòl la. Se obligasyon chofè bis la oswa moun k ap eskòte a oswa yo toulède, pou etabli disiplin epi pou avèti elèv yo lè yo gen kondwit dezòdone. Si kondwit dezòdone a repete, se pwosedi ki dekri nan Pati III ki anba a pou yo swiv.

### III. MEN PWOSEDI KI POU SWIV LÈ TIMOUN YO GEN KONDWIT DEZÒDONE NAN BIS LEKÒL :

- A.** Chofè a oswa moun k ap eskòte a oswa yo toulède, fèt pou yo pale ak pwofesè a anvan konsènan kondwit dezòdone timoun lan. Pwofesè a fèt pou l diskite de pwoblèm lan ak timoun lan e ak paran l.
- B.** Si chofè a oswa moun k ap eskòte a oswa yo toulède, pa kapab pale ak pwofesè a, oswa si konpòtman timoun lan pa amelyore apre entèvansyon pwofesè a fè, chofè a oswa konpayi bis la fèt pou l avize, nan yon lèt, direktè lekòl la oswa sipèvizè edikasyon espesyal la oswa yo toulède. Li fèt pou l voye yon kopi lèt la ba Biwo pou transpò elèv la (OPT) epi, lè li apwopriye, ba Administratè distrik la pou Edikasyon espesyal (DASE).
- C.** Biwo pou transpò elèv la fèt pou l detèmine lakòz ki presipite kondwit dezòdone a epi detèmine si chofè a oswa moun k ap eskòte a kontribye a difikilte a. Si se fòt chofè a oswa moun k ap eskòte a, Biwo pou transpò elèv la fèt pou l kontakte konpayi bis la defason pou yo pran mezi ki apwopriye yo; ki vle di bay avètisman, transfè, ranvwa tanporè.



# Règleman Chanselye a

Kategori : **ELÈV**

Nimewo : **A-801**

Osjè de : **TRANSPÒ ELÈV**

Paj : **12 nan 14**

Pibliye le : **5/09/00**

- D.** Si kòz yo se lòt kòz ki pa mansyone anwo a, epi konpòtman timoun lan menase sekirite fizik tèt li oswa sekirite zòt, direktè a oswa sipèvizè edikasyon espesyal la fèt pou fè aranjman pou l fè yon reyinyon ak paran yo pou l diskite sou metòd pou jwenn yon rezolisyon, tankou pou paran yo pran responsabilite pou se yo ki mennen timoun lan lekòl.
- E.** Si gen yon ijans k ap menase sekirite timoun lan oswa sekirite zòt etan bis la sou wout pou depoze yo lakay yo nan apremidi epi yo pa ka jwenn direktè oswa sipèvizè edikasyon espesyal la, Direktè Biwo pou transpò elèv la ka deside ke konpayi bis la pa dwe pran timoun lan lelandemen epi li fèt pou l avize paran yo de sa. Alèkile lelandemen y ap kontakte direktè a oswa sipèvizè a pou l pran yon desizyon final pou ekskli timoun lan nan sèvis bis la pou yon peryòd de tan ki pi long epi l fèt pou l avize paran yo.
- F.** Se sèlman direktè a oswa sipèvizè edikasyon espesyal la ki ka, tanporèman, anpeche yon timoun itilize sèvis transpò si tout lòt opsyon yo pa mache. Chofè bis la oswa moun k ap eskòte a, oswa toulède, pa gen okenn otorite pou yo pran aksyon disiplinè. Chofè yo oswa moun k ap eskòte yo, oswa toulède, ka avèti elèv yo, epi si sa pa bay anyen, yo pase yo enstriksyon pou yo rapòte ka a ba direktè lekòl la oswa ba sipèvizè edikasyon espesyal la.
- G.** Direktè a oswa sipèvizè edikasyon espesyal la fèt pou l fè aranjman pou l fè yon reyinyon ak paran yo, pwofesè a, ansanm avèk lòt anplwaye ki konsène defason pou yo ka ede rezoud pwoblèm lan epi pou fè lòt aranjman, si li nesesè, pou fè timoun lan vin lekòl. Eksklizyon nan sèvis bis lekòl la pa vle di ranvwa tanporè nan lekòl la.
- H.** Yon direktè oswa yon direktè edikasyon espesyal pa dwe ekskli yon elèv nan sèvis bis la pandan plis ke 5 jou konsekitif.

## SEKSYON 4. EGZÈSIS EVAKYASYON BIS LEKÒL POU MEZI SEKIRITE

Seksyon 3623 ki nan Lalwa edikasyon eta a ak Seksyon 156.3(h) Règleman komisyonè edikasyon an ke yo revize, egzije pou distrik lekòl yo òganize omwen twa egzèsis pa ane pou evakye bis lekòl pou mezi sekirite. Premye a dwe fèt nan premye semèn peryòd otòn lan, dezyèm lan dwe fèt ant 1ye novanm e 31 desanm, epi twazyèm lan ant 1ye mas e 30 avril.

### 1. Egzèsis evakasyon nan bis lekòl

- 1.1 Seksyon 3623 Depatman edikasyon leta a ak Seksyon 156.3(h) Règleman komisyonè edikasyon an ke yo revize, egzije pou yo fè egzèsis evakasyon nan bis lekòl yo. Pami



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 13 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

egzèsis sa yo gen pratik ak enstriksyon pou montre ki kote pòt dijans la ye e kijan pou louvri l, ki kote ekstenktè yo ye, kijan pou yo itilize l, ki kote twous premye swen an ye, epi kijan pou itilize fenèt yo kòm mwayen pou soti lè gen dife oswa lè gen yon aksidan.

1.1.1 Epitou egzèsis pou evakye yo fèt pou genyen enstriksyon sou pwosedi pou antre e soti nan bis la an sekirite avèk anfas sou kilè e kijan pou apwoche, anbake, debake, ak deplase lwen bis la apre debakman an.

1.1.2 Chak egzèsis pou evakye fèt pou l gen ladann enstriksyon espesifik pou elèv yo avanse omwen dis (10) pye devan bis la anvan pou yo travèse otowout la lè yo fin debake. Sa ki pi enpòtan an se apre yo fin debake nan lari vil Nouyòk, elèv yo dwe avanse jis nan kwen an, a yon distans ki kont pou yo etabli kontak je ak chofè a, avan yo eseye travèse lari a avèk pridans nan entèseksyon an.

1.1.3 Chak egzèsis evakyasyon dwe mete anfas sou danje timoun konfwonte lè gen lanèj, lagrèl (glas), lapli ak lòt move tan. Pami move tan sa yo konn gen kèk kondisyon kote chofè a pa gen bon vizibilite, kote l gen mwens kontwòl machin lan, oswa li pa ka tande byen, oswa li kapab genyen tout kondisyon sa yo ansanm.

1.1.4 Tout egzèsis evakyasyon sa yo fèt pou gen ladan yo ansèyman sou enpòtans bòn kondwit tout pasaje bis yo dwe genyen ak anfas, an patikilye, yo mete sou disiplin elèv, règ ak règleman DOE an pwomouvwa.

1.2 Se pwofesè yo ki pou bay ansèyman sou egzèsis evakyasyon bis lekòl epi se yo ki pou òganize egzèsis evakyasyon sa yo.

1.3 Tandiske tout elèv oblije patisipe nan egzèsis evakyasyon sa yo, kit bis lekòl la transpòte yo, kit li pa transpòte yo, elèv ki itilize bis yo pou ale nan pwomnad, elèv sa yo ka resevwa kòm yon opsyon, ansèyman nan saldeklas ki kouvri sa ki gen nan egzèsis evakyasyon yo.

1.4 Nanpwen okenn egzèsis evakyasyon ki ka fèt lè bis yo sou wout yo.

## 2. Dat egzèsis evakyasyon yo

Egzèsis evakyasyon nan bis lekòl yo dwe fèt omwen an twa fwa pandan ane akademik la; premye a pandan premye semèn sesyon otòn lan, dezyèm lan ant 1ye novanm ak 31 desanm, epi twazyèm lan ant 1ye mas e 30 avril.



# Règleman Chanselye a

Kategori : ELÈV

Nimewo : **A-801**

Osjè de : TRANSPÒ ELÈV

Paj : 14 nan 14

Pibliye le : **5/09/00**

### 3. Sètifika pou konfòmite

Yon fwa egzèsis evakyasyon an fini, yo dwe kenbe sètifika konfòmite a nan dosye lekòl la.

### SEKSYON 5. DEMANN K AP FÈT YO

Si gen demann k ap fèt sou règleman sa yo, adrese demann yo ba Biwo pou transpò elèv la *Office of Pupil Transportation* :

Telefòn  
**(718) 784-3313**

***Office of Pupil Transportation***  
44-36 Vernon Boulevard  
Long Island City, New York 11101

Faks  
**(718) 392-8403**

## ENSTRISKYON POU EGZÈSIS EVAKYASYON NAN BIS LEKÒL POU MEZI SEKIRITE

Fèy enstriksyon sa yo se pou asiste pwofesè yo lè y ap fè egzèsis evakyasyon nan bis lekòl pou mezi sekirite. Yo ka voye kèk bis nan chak lekòl defason pou yo fasilite egzèsis evakyasyon an. Tout timoun ki nan lekòl la oblije patisipe nan egzèsis evakyasyon an, kit li resevwa, kit li pa resevwa transpò nan bis lekòl la. Chak klas dwe gen trant minit pou l pratike nan bis la. Pwofesè k ap anseye a pandan evakyasyon sa a ka prepare tout timoun lekòl yo pou yo aji rapidman, ak sekirite nan yon ka dijans.

### MACHASWIV POU FÈ EGZÈSIS EVAKYASYON NAN BIS LEKÒL POU MEZI SEKIRITE

1. Esplike konsèp yon ka dijans, sètadi, yon sitlyasyon ki danjere ki mande pou aji imedyatman.
2. Revize sitlyasyon ki ta ka kreye yon ka dijans ki gen dife, menas eksplozyon, aksidan, ak bis la nan pozisyon ki pa gen sekirite.
3. Montre timoun yo kijan pou evakye bis la an sekirite.
  - 3.1 Pwofesè a bay demonstrasyon pou montre kijan pou louvri pòt ijans ki dèyè a, li annik souble manch la epi l pouse l soti, li bay demonstrasyon tou sou operasyon fenèt dijans yo ak anplasman tipòt sòti ki anlè tèt yo. Pwofesè a aprann elèv yo pou yo sonje anplasman siy ki make "Emergency Escape Window *Fenèt pou sòti dijans*" ak "Emergency Door *Pòt sòti dijans*".
  - 3.2 Youn nan pati egzèsis evakyasyon an se pou yo fè kòmisi y ap itilize ekstenktè yo e kòmisi y ap itilize ekipman twous premye swen an.
4. Mete anfaz an patikilye sou danje timoun yo konfwonte lè gen lanèj, glas ak lòt move tan; sètadi lè wout la glise, lè vizibilite a pa bon.
5. Mete anfaz sou règleman sekirite swivan yo :

#### Anbake nan bis la

- 5.1 Tann bis la sou twotwa a. Piga mete pye w nan lari a.
- 5.2 Anbake nan bis la dirèkteman san w pa pouse oswa bourade pèsòn.
- 5.3 Itilize ranp la si gen youn.



Bòn kondwit nan bis la

- 5.4 Kenbe yon bon kondwit pandan tout trajè a.
- 5.5 Pale trankilman ak zanmi w yo nan bis la; piga rele oswa pale fò.
- 5.6 Kite men w, bra w, janm w, ak tèt ou anndan bis la.
- 5.7 Piga vòltije okenn objè pa deyò bis la atravè fenèt yo.
- 5.8 Konpòte w yon jan ki montre w gen konsiderasyon pou lòt timoun yo.
- 5.9 Piga goumen oswa lite nan bis la.
- 5.10 Pa kite okenn liv oswa okenn objè nan koulwa a.
- 5.11 Piga jwe ak manch pòt yo ni ak fenèt yo.

Lè w ap soti nan bis la

- 5.12 Mache dirèkteman pou ale sou twotwa a lè w soti nan bis la.
- 5.13 Si w oblije travèse lari a lè w soti nan bis la, travèse nan kwen kafou a sèlman lè w fin fè kontak je ak chofè a. Travèse a yon distans ki de omwen dis (10) pye devan bis la. Fè atansyon ak trafik k ap vini a. Ale dirèkteman sou twotwa ki sou lòt bò a.

**SÈTIFIKASYON**

Enstriksyon jeneral :

1. Tape oswa ekri tout enfòmasyon yo an lèt majiskil
2. Si pou fòm lan valab, li dwe gen non ak siyati direktè a.
3. Kenbe yon kopi fòm lan pou dosye lekòl la epi bay kontraktè a yon kopi.
4. Egzèsis evakyasyon yo dwe fèt nan peryòd swivan yo :
  - 1ye Egzèsis la – Sou 5 premye jou lekòl yo
  - 2yèm Egzèsis – Ant 1ye novanm e 31 desanm
  - 3yèm Egzèsis – Ant 1 mas e 30 avril

**Règleman Chanselye A-801 Enfòmasyon Siplemanchè No. 2**  
**Paj 2 nan 2**

I. SÈTIFIKASYON				
NON LEKÒL LA		DISTRIK		DAT
ADRÈS LEKÒL LA		VIL		ETA
ZIPKÒD				
Tcheke ti kaz ki anba a ki idantifye elèv ki te patisipe nan egzèsis evakyasyon an.				
<input type="checkbox"/> Se sèlman elèv ke yo transpòte lekòl nan bis lekòl ki te patisipe nan egzèsis evakyasyon an.				
<input type="checkbox"/> Tout elèv yo te patisipe nan egzèsis evakyasyon an.				
<input type="checkbox"/> Elèv ke yo pa transpòte nan bis lekòl la te resevwa ansèyman nan saldeklas.				
Bis yo itilize pou egzèsis evakyasyon an : Mete non konpayi an ak nimewo machin lan				
II. NON KONPAYI AN	III.		IV. NON KONPAYI AN	V.
VI.	VII.	VIII.		
IX.	X.	XI.		
XII.	XIII.	XIV.		
XV.	XVI.	XVII.		
XVIII.	XIX.	XX.		
KÒMANTÈ :				
M ap sètifye ke yo te fè yon egzèsis evakyasyon nan bis lekòl pou mezi sekirite oswa yo te anseye l, jan Seksyon 156.3 Règleman Komisyonè edikasyon an egzije l. Li te fèt nan lekòl ki gen non l ki make anwo a epi nan dat sa a.				
NON DIREKTÈ A – TANPRI, EKRI L AN LÈT MAJISKIL				
SIYATI DIREKTÈ A			DAT	